



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 10 POU SAN OGMANTASYON NAN APLIKASYON
LEKÒL KATRA SUNY AK ENSTITISYON CUNY YO KÒM REZILTA PWOGRAM
BOUS DETID EXCELSIOR LA**

***Aplikasyon pou Lekòl 4 an SUNY yo Ogmante pa 9 Pousan; Aplikasyon CUNY yo te
Ogmante pa 11 Pousan***

***Toude Sistèm yo te Gen yon Ogmantasyon Konsiderab nan Kantite Etidyan ki an
Premyè Ane k ap pran 15 Kredi chak Semès yo - 11 Pousan pou SUNY; 39 Pousan
pou CUNY***

Bousye Excelsior yo an Vedèt [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse aplikasyon nan lekòl katran Inivèsite Eta New York la (State University of New York, SUNY) ak Enstitisyon Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) ki atravè eta a yo te ogmante pa 10 pousan kòm rezilta Bous Detid Excelsior la, ki se premye pwogram nan nasyon an k ap ofri enskripsyon nan inivèsite piblik New York yo san frè eskolè. Enstitisyon SUNY yo te gen nèf pousan ogmantasyon nan aplikasyon ki an premyè ane, ane apre ane, yo te resevwa atravè Sant Sèvis Aplikasyon SUNY an epi Enstitisyon CUNY yo te gen yon ogmantasyon 11 pousan nan aplikasyon yo.

“Bous Detid Excelsior la ouvri pòt pou edikasyon siperyè ak yon avni ki pi briyan sou plan ekonomik, epi ogmantasyon nan aplikasyon sa a se prèv pozitif ki montre etidyan yo ap pwofite de opòtinite san presedan sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan n ap kontinye ede plis Nouyòkè atenn yon bon jan kalite edikasyon inivèsité, nou ap ede konstwi mendèv trè konpetan alavni, ansanm ak pwochè jenerasyon lidè Empire State la yo.”

Aplikasyon SUNY yo

Apati 22 Desanm 2017 la, SUNY te resevwa yon ogmantasyon 9 pousan nan aplikasyon inik pou Otòn 2018 la atravè Sant Sèvis Aplikasyon SUNY an, ki se sant tretman prensipal pou kanpis eta opere nan sistèm inivèsite a yo. 30 inivèsite kominotè SUNY yo te rapòte de pousan ogmantasyon. An otòn 2017 la, 66,770 etidyan a tan plen ki an premyè ane te enskri nan SUNY, pami yo 61.8 pousan, oswa 41,282 etidyan, te pran 15 kredi oswa plis. Sa se yon ogmantasyon prèske 11 pousan soti nan 37,270 etidyan a tan plen ki an premyè ane ki te pran 15 kredi oswa plis pandan otòn 2016 la.

Aplikasyon CUNY yo

Aplikasyon etidyan an premyè ane nan CUNY pou otòn 2018 la yo te ogmante rive yon rekò 50,546 nan yon ane - ki se yon ogmantasyon 11 pousan apati 24 Desanm 2017. Ogmantasyon sa swiv yon ogmantasyon rekò nèf pousan nan aplikasyon yo te atenn avan an Desanm 2016 soti 2015, ki te lakoz pi gran klas etidyan an premyè ane nan CUNY, 38,372 etidyan ki enskri an otòn 2017 la. Anplis de sa a, an otòn ane sa, CUNY te gen yon ogmantasyon 39 pousan nan kantite etidyan a tan plen ki an premyè ane k ap pran 15 kredi oswa plis pandan premye semès yo.

Rektè SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Depi lè yo entwodwi Bous Detid Excelsior la, plis Nouyòkè ki soti nan fanmi a revni mwayen yo te gen opòtinite pou yo jwenn frè eskolè gratis, sa k ap rann li posib pou yo atenn yon bon jan kalite edikasyon inivèsitè. Kounye a, pandan n ap antre nan dezyèm ane pwogram sa a, nou sa ankouraje nou lè nou wè yon ogmantasyon konsiderab nan kantite etidyan k ap aplike nan SUNY epi k ap pran premye pa anvè reyalizasyon rèv pou yo ale nan inivèsite”.

Rektè CUNY an, James B. Milliken, te deklare, “Etidyan yo ap wè opòtinite ak valè ekstraòdinè CUNY ofri yo. Mwen kwè Bous Detid Excelsior Gouvènè Cuomo a te jwe yon wòl enpòtan nan ogmantasyon aplikasyon yo, enskripsyon ak kantite kredi y ap pran k ap pèmèt etidyan yo elijib pou yo al nan inivèsite san frè eskolè”.

Enfòmasyon sou Bous Detid Excelsior a

Pandan ane akademik 2018-19 la, Nouyòkè ki gen revni fanmi jiska 110,000 dola elijib kounye a pou yo aplike pou Bous Detid Excelsior la, k ap atenn 125,000 dola an 2019-20. Etidyan yo dwe enskri nan inivèsite a tan plen epi konplete anviwon 30 kredi pa ane, avèk fleksibilite pou yo konplete kou sa yo pandan semès ete ak ivè yo. Yo konsevwa pwogram lan nan fason pou l mache pou etidyan yo, sa k ap pèmèt Nouyòkè k ap fè fas a difikilte yo an mezi pou yo kanpe epi rekòmanse pwogram nan, epi tout benefisyè yo kapab pran mwens kredi nan yon semès an konparezon ak yon lòt, depi yo konplete 30 kredi yo chak ane. Avèk 23,000 etidyan yo ajoute k ap pral nan inivèsite san frè eskolè nan kad pwogram Excelsior la; New York gen plis pase 53 pousan, oswa 210,000 nan etidyan a tan plen New York nou yo ki pral nan inivèsite san frè eskolè.

Etidyan yo oblije fè mwayèn ki pou pèmèt yo reyisi nan kou yo, epitou, kòm pwogram nan investi anpil nan pi gran resous eta a genyen - jèn moun nou yo - y ap egzije pou etidyan yo ret abite epi travay nan eta a apre yo fin diplome, pou menm kantite lane yo te pase ap resevwa Bousdetid Excelsior la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

